



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 16 jen 2014

GOUVÈNÈ CUOMO AK LIDÈ LEJISLATIF YO ANONSE AKÓ SOU LEJISLASYON AN POU SIPÓTE PWODIKTÈ BWASON ATIZANAL YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon akò avèk lidè lejislatif yo sou yon pwojè lwa ki pral kontinye sipò Eta nan endistri bwason atizana kap grandi nan koupe chaj egzijans kontrent ki enpoze sou pwodiktyè yo ak fè rekile restriksyon konsènan komèsyalizasyon pwodui atizana yo.

Pwojè lwa sa a ta bay manifakti New York yo pi gwo opòtinite pou komèsyalize pwodui yo, sa ki gen ladan pèmèt pwodiktyè yo pou sèvi “nan boutèy la” ak “nan vè a” ansanm avèk pèmèt fèm distilri yo pou ogmante pwèn de vant kote yo kapab vann ak ofri echantiyon pwodui yo. Anplis, pwojè lwa sa ta redui frè yo pou ti manifakti yo nan pèmèt yo fè plis pwodui nan frè ki pi ba.

Lejislasyon an se yon rezilta ki soti nan dezyèm somè eta sou divèn, byè, bwason ak sidr, ki te òganize nan avril ki sot pase a. Somè a te pote sektè bwason ki baze sou fèm ansanm avèk pwodiktyè agrikòl ak ofisyèl gouvènman yo se yon efò pou jwenn fason pou sipòte kwasans rapid endistri bwason New York.

“Eta New York rekonèt kwasans an plen esò endistri bwason an ki vle di plis travay ak aktivite ekonomik, e nou fyè pou kontinye sipò nou nan anile kontrent restriksyon yo ak pèmèt pwodiktyè yo pou vann plis, nan yon pi ba pri,” Gouvènè Cuomo te deklare. “New York reyèlman ouvè pou biznis, e pwojè lwa sa demontre apwòch nou an ap travay; gouvènman kapab reponn a bezwen preyokipasyon sektè prive a ak ranfòse endistri enpòtan yo toupatou nan eta. Mwen bat bravo pou manm yo nan lejislati a ki te travay san relach pou pote pwojè lwa sa delavan e mwen enpasyon pou pasaj la.”

Ko-lidè sena Dean Skelos te deklare, “Nan koupe chaj règleman yo ak ogmante sipò pou pwodiktyè bwason atizanal yo, eta ap ede pou bay plis opòtinite pou yo gen siksè epi grandi. Endistri enpòtan sa a ap jwe yon wòl enpòtan nan anpil kominote nou yo -- enkli nan pati nò a -- nan stimile touris, jenere aktivite ekonomik ak kreye nouvo travay. Mwen fyè paske mwen te rejwenn patnè mwen yo nan gouvènman pou sipòte lejislasyon sa a.”

Ko-lidè sena Jeff Klein te deklare, “Brasri atizanal nan New York ap kontinye fleri e nou gen yon obligasyon pou pwomote endistri sa kap pwospere ki ede kreye travay ak grandi ekonomi nou an. Kòm

Haitian Creole

yon rezilta dirèk de somè sa yo ak lejislasyon sanblab tankou Pride of New York ke IDC te ede devlope, nou pral kontinye ale delavan nan bon direksyon an pou ane kap vini yo.”

Senatè Carl L. Marcellino te deklare, “Travay ansanm, nou te demontre priyorite nou pou asire ke Eta New York favorab a biznis e li reponn a bezwen Nouyòkè yo.

Kapitalize sou popilarite kwasans bwason atizanal, lejislasyon sa a soulaje obstak ki anpeche manifakti yo pou resevwa pwodui yo nan men konsomatè yo e li pral ede kontinye kwasans nan mache a pou manifakti bwason eta nou an.”

Prezidan Asanble a Sheldon Silver te deklare, “Manifakti bwason atizanal New York te kapitalize sou yon opòtinite pou alafwa mete an vedèt kèk nan pi bon pwodui New York e anmenmtan kreye anpil travay. Rezilta yo te pi bon ke sa okenn moun ta ka imajine. Asanble a te angaje pou pase lejislasyon an pou entèsede nan non pwodiktè sa yo nan fason pou pote yo ansanm avèk alafwa òganizasyon sektè piblik ak prive pou sipòte endistri kwasans rapid sa. Nan redwi restriksyon lou sou pwodiktè yo ak bay nouvo opòtinite pou komèsyalize pwodui atizana sa yo, kontra lejislativ jodia se yon stimilasyon enpòtan ke pwodiktè atizana yo pral benefisye, ekonomi lokal ak Eta NewYork kòm nap travay pou kenbe eta nou an ouvè pou biznis ak akeyi vakansye ak touris yo nan tout peyi a.”

Lwa aktyèl règlemannte aktivite manifakti bwason gen twòp restriksyon. Ti fabrikan yo ensite kont lwa ki depli anpli ak ogmante frè lisans pou manifakti yo pou nenpòt ogmantasyon modès nan pwodiksyon bwason alkòl. Anplis, manifakti yo limite nan kapasite yo pou komèsyalize pwodui yo.

Mezi yo nan lejislasyon an gen ladan:

- Ogmante barèm pwodiksyon sou ti pwodiktè yo;
- Pèmèt fèm distilri yo pou opere yon sikisal;
- Pèmèt tout manifakti yo pou òganize degistasyon ak vann, pa boutèy oswa vè, bwason alkolize yo fabrike a san yon lisans separe; ak
- Diminye egzijans manje ki dwe satisfè lè wap ofri degistasyon ak konsomasyon nan lokal yo.

Pwojè lwa sa ap anvigè trant jou apre li vini lwa.

Manifakti atizana te eksperimante kwasans san parèy pandan twazan ki sot pase yo. Kantite mikwo-brasri te ogmante de 40 nan ane 2011 a 100 jodia— yon ogmantasyon 150 pousan. Anplis, kòm yon rezilta de lwa 2012 Gouvènè a sou fèm brasri, 48 nouvo fèm brasri te ouvè nan eta. Kantite fèm distilri nan eta New York te ogmante 420%, soti a 10 nan premye trimès 2011 a 52 jodia, pandan kantite fèm diven te ogmante pa preske 50%, soti a 195 nan ane 2011 a 289 jodia. An Oktòb 2013, Gouvènè Cuomo te kapitalize sou deziyasyon New York kòm dezyèm pi gwo pwodiktè pòm pou enplemannte chanjman lejislatif pou pwomote anplis endistri agrikilti enpòtan sa nan kreye lwa sou fèm sidr. Nouvo lwa, ki vin

anvigè nan 15 janvye 2014 te deja mennen nan kreyasyon senk nouvo fèm sidr. Enkli senk nouvo fèm sidr sa yo, New York kounye a se kay 31 manifakti sidrm yon ogmantasyon plis pase 500% soti nan 5 nan 2011.

David Katleski, Prezidan, Asosyasyon Brasri Eta New York, te deklare, “Bezwen chanjman pou endistri bwason atizanal avèk kwasans nou e pwojè lwa sa prevwa efikasite ki nesèsè pou kontinye kwasans sa. Konbine, sektè byè, diven, bwason ak sidr reprezante plizyè bilyon nan benefis ekonomik a Eta New York. Nou aplodi administrasyon sa ak SLA paske yo te travay dirèkteman avèk nou e reponn a preyokipasyon nou avèk kreyasyon pwojè lwa sa a. Aktyèlman, Eta New York klase 26yèm nan peyi a pou brasri pa abitan a 165. Pwojè lwa sa a pèmèt pwovizyon pou ogamnte klasman nou ak ogmante kontribisyon ekonomik aktyèl byè de \$2.2 bilyon dola.”

Jim Trezise, Prezidan, Fondasyon New York Wine & Grape, te deklare, “ Pwojè lwa sa make yon lòt gwo amelyorasyon nan klima biznis pou endistri diven New York la, e yon lòt egzanp de gouvènman antreprenè'. Pozisyon divès li pral rasyonnalize ak konsolide dokiman, ekonomize tan ak lajan, pèmèt efikasite nan pwodiksyon, ak bay nouvo opòtinite pou maketing ak lavant. Endistri nou an te deja jenere plis pase \$4.8 bilyon dola nan benefis ekonomik anyèl pou Eta, e lejislasyon sa pral stimile plis kwasans kidonk nou ka ogmante kontribisyon sa. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip, Otorite Likè Eta pou elabore pwojè lwa sa a nan konsiltasyon etwat avèk reprezantan yo nan endistri a, e sena ak ansanble paske yo te fè patenarya pou tounen yon konsèp nan reyalyte.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418